**REZYUME.** Maqolada axborot-kutubxona muassasalarining ma’lumot – bibliografiya xizmatini tashkil etish masalalari haqida fikr yuritiladi. Axborot-kutubxonalar boʻyicha Respublikamız miqiyosida amalga oshirilayotgan islohatlar ushbu jarayonlarning mohiyati ahamiyati, istiqbolları va rivojlanish bosqichlariga toʻxtalib oʻtilgan. Oʻzbekistonning yangicha fikrlariga ega boʻlgan yoshlarning, shu jumladan zamonaviy bilimli yoshlarni tarbiyalash, komil insonni shakllantirishda kutubxonalarning tarbiyaviy ahamiyati masalalari asoslanib berilgan.

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассматриваются вопросы организации справочно – библиографического обслуживания информационно-библиотечных учреждений. Реформы, реализуемые в масштабах нашей республики в сфере информационные-библиотеки, затронули содержательную значимость, перспективы и этапы развития этих процессов. В основу воспитания новых идей молодежи в Узбекистане, в том числе современной образованной молодежи, легли вопросы образовательного значения библиотек в совершенствовании совершенного человека.

**SUMMARY.** The article discusses the issues of organizing of information-bibliography service of reference-library institutions. The reforms that are being implemented on the scale of our Republic regarding reference-libraries have been touched on the content-importance, perspectives and stages of developing of these processes. The issue of educational importance of libraries in the improvement of a perfect person is based on the education of young people with new ideas in Uzbekistan, including modern educated young people.

***JÁMIYETLIK-GUMANITAR PÁNLER***

# ЖАСЛАРЫМЫЗ - ХАЛҚЫМЫЗДЫҢ ИСЕНИМИ ҲӘМ ТАЯНЫШЫ

**Н.Ансатбаев** – *профессор*
*Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәденият институты*
*Нөкис филиалы*

**Таяныш сөзлер:** технология, пән, илим, идеология, индивидуализм, эгоцентризм, процесс, ис-ҳәрекет.

**Ключевые слова:** технология, наука, идеология, индивидуализм, эгоцентризм, процесс, действие.

**Key words:** technology, science, ideology, individualism, egocentrism, process, action.

Биз XXI әсирде техникалық прогресс, хабар технологиялары, дүнья халықларының турмысы тезлик пенен өсип атырған глобалласыў дәўиринде жасап атырмыз. Бирде бир жәмийет руўхый имканиятларын, адамлар санасында руўхый ҳәм турмыслық қәдириятларын раўажландырмай ҳәм беккемлемей турып өз келешегин көз алдына келтире алмайды.

Өзбекстан өз ғәрезсизлигин қолға киргизген дәслепки күннен баслап жәмийетимиздиң ҳәмме тараўлары қатары руўхый-идеологиялық өзгерислер өмиримизде жүз берип атыр.

Ўатан ата-бабаларымыздың муқаддес қәбири орын алған, ўақты сааты келип, бәримиз бас қоятуғын теберик топырақ, ол ата-бабаларымыздың әўладларға қалдырған уллы бийбаҳа мийрасы, ең әзиз естелиги. Ўатанның келешеги дәслеп оның перзентлериниң кәмалына байланыслы. Әлбетте, ғәрезсизлик жылларында бәркамал әўладты тәрбиялап қәлип-лестириў жолында бир қанша жақсы нийетлер ҳәм әмелге асырылып атыр.

Өзбекстан Республикасы ғәрезсизлигиниң тийкарын салған данышпан жолбасшы, биринши Президентимиз И.А.Каримов «Өзиниң келешегин көрмекши ҳәм қурмақшы болған ҳәр қандай мәмлекет ямаса жәмийет әлбетте өз миллий идеясына сүйениўи ҳәм талпыныўы зәрүр»-деп айрықша атап көрсеткен еди.

Бизиң миллий идеямыздың баслы бағдары бабалар мийрасын қәстерлеп келешек әўладларға жеткериў, миллетлераралық татыўлықты сақлаў, тынышлықты сақлаў ҳәм жарқын келешек ушын хызмет етиў. Миллий идеяда жәмленген уллы мақсетлерде жүзеге шығарыў ең даслеп жәмийетимиз ҳәм усы жәмийет ағзасы болған ҳәр бир инсанның руўхый дүньясы ҳәм көзқарасындағы унамлы өзгерислер менен тиккелей байланыслы екенлигин умытпаўымыз зәрүр.

Өсип киятырған жас әўладқа, оның руўхый тәрбиясына оғада үлкен жуўапкершилик пенен қатнас жасаў ең тийкарғы ўазыйпалардың бири. Себеби, жасларымыз халық руўхый дүньясының ең мүнәсип ийелери. Бүгинги күни жас-

ларымыз тек оқыў орынларында емес, ал радио, телевидение, баспасөз, интернет сыяқлы қураллар арқалы ҳәр қыйлы мәлимлеме ҳәм мағлыўматларды алыў мүмкиншилигине ийе. Жәҳән мәлимлеме майданы күн сайын көбейип баратыр. Илим ҳәм пән раўажланған XXI әсир «Информациялық технология әсири»-деп аталған бир дәўирде, дүнья еллери арасында жүз берип атырған адамзат өмири ҳәм келешегине қәўип туўдырып атырған машқалалардың бири диний түсиниклердиң адамлар санасына әсиресе өмирге көзқараслары жаңа қәлиплесип киятырған келешегине кери тәсир етиўши түсиниклердиң ен жайып барыўы. Ҳүрметли Президентимиз Ш.М.Мирзиёев ҳәр бир сөзинде елимиз тынышлығы, перзентлеримиз саламатлығы, жасларымыз келешеги ушын тийисли болған мәселелерге айрықша дыққат итибар қаратты. Шығыс Аристотели, уллы данышпан, философ Абу Насыр ал Фарабий өз дәўиринде инсанлар ис-ҳәрекетин 2 топарға бөлип: «1-топар ис-ҳәрекетлери менен басқаларды да бахытқа жетелеўши; 2-топары ис-ҳәрекетлери менен басқаларды да бахытсызлыққа баслайтуғын ис-ҳәрекетлер»,-деп жазған еди. Арадан неше әсир өтсе де дүньяда бузғыншылық идеялары, адамзат басына қәўип туўдырыўшы жағдайлар күннен-күнге ҳәўиж алып атыр. Адам саўдасы, шегара таңлаўды билмейтуғын СПИД, наркомания, диний экстремизм иллетлери ислам халифалығын дүзиўди, өзлери ийелеген орынларда мусылманлық тәртиплерин өз қәлеўинше, ислам дининиң муқаддес китабы болған «Қураны Кәрим» сүрелерин өзгертип, нәсиятлаған ҳалда басқарыўды қолға алып, дүнья еллериниң көпшилик аймақларында өз үстемлигин орнатыўды мақсет етеди. Соңғы ўақытлары дүнья жасларының ҳәттеки ҳаял-қызларымыздың да интернет арқалы бул ағымға қосылып кетиўи ең ашынарлы ҳалат.

Жасларымыздың руўхый дүньясында бослық пайда болмаўы ушын олардың қәлби ҳәм санасында саламат турмыс тәризи, миллий ҳәм улыўма миллий қәдириятларға ҳүрмет-иззет сезимин балалық пайыттан баслап қәлиплестирип барыўымыз шәрт. Ҳақыйатында да, түрли бузғыншы күшлерге қарсы гүресиўге жасларымыз жетерлише билимге, мәдениятқа ийе болыўы зәрүр. Ҳәзирги күнде нәшебентлик, әдепсизлик ҳәм де сырт еллерден кирип келип атырған «ғалабалық мәдeният»тың ҳәр қыйлы иллетлер жәмийетимизге қәўипли тәсир керсетпекте. Бундай иллетлерге қарсы гүресиўде әлбетте биз жоқары руўхылыққа тийкарланып ис тутыўымыз тийис. Бирақ бүгинги дәўирде пүткил жәҳәнде жүз берип атырған қыйын ҳәм қурамалы процесслер жаслар тәрбиясына және де үлкен итибар қаратыўды талап етпекте. Бул бойынша биринши Президентимиз И.Каримов «Жоқары мәнаўият-жеңилмес күш» атлы мийнетинде былай деп атап етеди: Ғалабалық мәдeният деген нықап астында әдепсизлик, бузықлық ҳәм зорлық, индивидуализм, эгоцентризм идеяларын тарқатыў, керек болса, соның есабынан байлық арттырыў, басқа халықлардың неше мың жыллық дәстүр ҳәм қәдириятларын, турмыс тәризиниң руўхый негизлерине менсинбеўшилик, оларды қопарыўға қаратылған қәўиплер адамды тәшўиишке салмай қоймайды. Бундай жаўыз нийеттеги қопарыўшы күшлерге қарсы жасларымыздың идеологиялық иммунитетин күшейтиўге қаратылған нәтийжели усылларды ислеп шығыў, мәмлекетлик ҳәм жәмийетлик шөлкемлер ушын тийисли қолланбаларды таярлаў бүгинги күнниң әҳмийетли ҳәм кешиктириўге болмайтуғын ўазыйпаларынан саналады. Бул бағдарда төмендеги мәселелерди терең үйрениўимиз ҳәм оларға бәркулла итибарлы болыўымыз талап етиледи.

Бириншиден, бугин айырым Батыс мәмлекетлеринде бир жынıслы адамлар арасындағы неке әпиўайы ҳәдийсеге айланды. Батыс турмыс тәризиниң бундай кери тәреплери базы бир ғалаба хабар қураллары арқалы тарқатылмақта ҳәм булар жетерли дәрежеде үйренилип атыр.

Екиншиден, белгили сиясаттаныўшы ҳәм философлардың пикиринше, ҳәзирги Батыс мәмлекетлериниң телевизиялық бағдарламалары ҳәм кинофильмлери жәҳән медиа базарының төрттен үш бөлегин ийелеген. Оның ғалабалық музыкасы мәниссиз ҳәм ғайры инсаный ҳәрекетлерден ибарат қосықлары, қызығыўшылықлары, аўқатланыў әдетлери ҳәттеки кийиниўлери путкил дүньяда еликлеў объекти сыпатында көтерилип атырғанлығы, бундай процесслер тәсиринен бизиң халқымыздың мәдeнияты, идеологиясы, әййемги философиялық көзқарасларына тийисли миллий өзлигимиз зыянланбақта.

Үшиншиден, ҳәзирги ўақытта ғалабалық мәдениияттың айырым ўәкиллери тәрепинен әдепсизликти мәдeният деп билиўи ҳәм негизги руўхый қәдириятларды менсинбестен ескилик сарқыты деп қараў менен байланыслы жағдайлар бүгинги раўажланыўға, инсан турмысы, шаңарақтың муқаддеслиги ҳәм жаслар тәрбиясына үлкен қәўип салып атырғанлығы бул мәселелерди үйрениўдиң актуаллығын билдиреди.

Елимиздиң айырым жаслары дүнья-мал табыў нийетинде жат журтларға кетип, ҳәр қыйлы диний ағымдағы топарға қосылып, нәтийжеде сана-сезими уўланып атырған жас жигит-қызларымыз ҳаққында ҳүжжетли видеороликлер көрсетилип халық арасында талықлаўға салынғанлығын бәрше көрди.

Егер биз бундай қәтелерге қарсы өз ўақтында қатаң ҳәм табанлылық пенен гүрес алып бармасақ, түрли зыянлы ағымлар жасларымызды өз ийримине тартып кетиўи ақыбетинде оларды ата-ана, шаңарақ, ел-журт алдындағы миннети ҳәм жуўапкершилигин ойламайтуғын тек бир күнлик өмир менен жасайтуғын адамсымақларға айланып қалыў мүмкинлиги ең қәўипли иллет саналады.

Жасларымыздың келешегине қәўип туўдыратуғын жат идеялардан қорғаўда тек халқымызды улығлайтуғын жөқары пазыйлетлер ғана емес, соның менен бирге оның раўажланыўына унамсыз тәсир көрсеткен, ески заманлардан қалып киятырған унамсыз әдетлер ҳаққында да ашық сөз етиўимиз тийис.

Глобалласыў процессиниң және бир өзине тән тәрепи, ҳәзирги дәўирде ол идеологиялық тәсир өткериўдиң оғада күшли қуралына айланып, ҳәр қыйлы сиясий күшлер ҳәм орайлардың мәплерине хызмет етип атырғанлығын саламат пикирлейтуғын ҳәр қандай адам билиўи анық. Миллий идея ҳеш қашан Ўатаннан тысқары тамыр атпайды ҳәм раўажланбайды. Ўатанның гүллеп жаснаўына хызмет етпейтуғын идея ҳеш қашан миллий идея бола алмайды. Демек, идея адам ойлаўының жемиси, ал миллий идеология болса миллеттиң, ой-пикирлериниң жемиси. Сондай-ақ, миллий идеология адам ҳәм жәмийет турмысына мазмун ҳәм мәнис бағыш ететуғын пикирлер жыйындысы. Солай екен миллий идеология Ўатан келешегин белгилеп беретуғын принциплерди өзинде бирлестирсе ғана күш-қүдиретке айланады. Бүгинги күнде жәмийетимизде исбилерменлик, еркин экономикалық ҳәрекет кең раўажланып атырғанлығы, миллеттиң өзин-өзи аңлаўына, миллеттиң бирлесиўине алып келеди.

Ғәрезсизликке ерискеннен кейин ҳуқықларымызды, тилимиз, тарийхымыз, мәдениятымыз ҳәм қәдириятларымыз билиўге, миллий өзлигимизди аңлап алыўымызға қарсы қаратылған сиясатқа пүткиллей шек қойылды.

Жасларымыз ақыллы ҳәм физикалық жақтан саламат болып кәмал тапса ғана ертеңги келешегимиздиң айдынлығы кепилленеди. Ғәрезсиз ўатанымыз жоқары мақсет етип алған азат ҳәм абат ўатан, еркин ҳәм абадан турмысты жетилискен жақсы идеяларды турмысқа енгизе алатуғын жетилискен инсанлар ғана қура алады. Сол ушын жаңаланып атырған жәмийетимизде саламат әўладты тәрбиялаў, еркин пуқаралық жәмийетин дүзиў, руўхый-ағартыўшылық ислерин жоқары дәрежеге көтериў арқалы ҳәр тәреплеме жетилискен инсанларды тәрбиялап, кәмалға келтириўге айрықша дыққат қаратылған.

Руўхый ҳәм физикалық тәртиптен жетилискен, озық ойлы бәркамал әўладты тәрбиялаў тек ғана миллий мүтәжлик емес, ал пүткил мәмлекетлик әҳмийетке ийе мәселе, көп миллетли ўатанымызда туўылып өскен, тамыр жайған барлық туўысқан халықлар ушын бирдей мақсет болып есапланады. Бул көзқараста миллий ҳәм улыўма инсаныйлық қәдириятлар, бай руўхый мийрасларымызды ең жақсы дәстүрлери ҳәм де қәлиплесип атырған жаңа дәстүрлер бирлеседи, тәрбияның қүдиретли қуралына айланады. Халқымыз нәсилин байытыў, руўхый ҳәм физикалық жақтан саламат әўладты тәрбиялаў процесинде шаңарақ мәмлекет ҳәм жәмийеттиң негизи болған кәмил инсан шахсы қәлиплеседи. Ўатанымыз бахытлы болған бәркамал әўлад, илим, тәрбия, мийнет арқалы қәлиплесип Өзбекстанның уллы келешеги жүзеге шығады.

Сол ушын жаңаланып атырған жәмийетимизде озық ойлы, билимли, саналы ҳәм руўхый жақтан жетилискен жасларды тәрбиялаў, еркин пуқаралық жәмийетти дүзиў, руўхый-ағартыўшылық ислерин жоқары дәрежеге көтериў арқалы ертеңги күнимиздиң айдын келешегине тийкар жаратып атыр. Усы өткен аз ўақыт аралығында мәмлекетимизде көп өзгерислер болып, жақсы нәтийжелер, уллы ислер әмелге асырылды. Бундай мәртебелер аңсатлық пенен алынғаны жоқ. Бүгинги абат, еркин турмыстың парахатшылық күнимиздиң қәдир-қымбатына жетиўимиз керек. Себеби, Өзбекстан жаслары дуньяда ҳеш кимнен кем емес, олар келешеги уллы елдиң бахытлы жаслары.

**Әдебиятлар**

1. И.Каримов «Жоқары мәнаўият-жеңилмес күш». 2008 йил.
2. Ш.М.Мирзиёев. «Буюк келажагимизни мард ва олижаноб халқимиз билан бирга қурамиз». – Тошкент: Ўзбекистон, 2017. – 488 б.
3. Н.Ансатбаев «Театр ҳәм актёр».2020 жыл.
4. ziyonet.uz

**REZYUME.** Жасларымызды миллий идеологиялар, руўхый ҳәм физикалық тәртиптен жетилискен жаслар менен тәрбиялаў ҳаққында сөз етиделі.

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассматривается воспитание молодёжи о национальных идеологиях, духовном и физическом воспитании.

**SUMMARY.** This article disckusses the education of the youth, about national ideologies of our bodies, spiritual and physical education.

## SPORTCHILARNI SOG‘LIG‘INI MUSTAHKAMLASHDA JISMONIY TARBIYA GIGIENASINING USTUVOR YO‘NALISHLARI

**R.Z.Berdimuratov**- *o‘qituvchi*

*O‘zbekiston davlat san’at va madaniyat instituti Nukus filiali*

**Tayanch so‘zlar:** sog‘lom turmush, harakatlar strategiyasi, jismoniy tarbiya, mashg‘ulot, sportchilar, innovatsion shakllar, psixofiziologik holat .

**Ключевые слова:** здоровая жизнь, стратегия действий, физическая культура, занятие, спортсмены, инновационные формы, психо-физиологическое состояние.

**Key words:** healthy life, action strategy, physical culture, class, sports men, innovative forms, psychophysiological state.

Respublikada oxirgi yillarda jismoniy tarbiya va sportni ommalashtirish, aholi o‘rtasida sog‘lom turmush tarzini targ‘ib qilish, imkoniyatlari cheklangan shaxslarning jismoniy reabilitatsiyasi uchun zarur shart-sharoitlar yaratish hamda mamlakatning xalqaro sport maydonlarida munosib ishtirok etishini ta’minlash borasida izchil chora-tadbirlar amalga oshirilmoqda.

Shu bilan birga, jismoniy tarbiya va sport sohasida aholi sog‘lig‘ini mustahkamlashga ko‘maklashadigan aniq dasturlarni amaliyotga joriy etish, yoshlarni sportga keng jalb qilish va ular orasidan iqtidorli sportchilarni saralab olish, sport turlari bo‘yicha yuqori natijalarni ta’minlaydigan mahoratli sportchilar bilan milliy terma jamoalarni shakllantirish va trenerlar uchun qo‘shimcha shart-sharoitlar yaratish zarurati mavjud. Mamlakatda yuksak madaniyatga ega bo‘lgan har tomonlama etuk hamda jismonan sog‘lom insonni shakllantirish maqsadida, aholining jismoniy tarbiya va sport sohasida malaka va bilimlarini orttirishga qaratilgan ustuvor yo‘nalishlarni belgilash, iqtidorli sportchilarni tanlab olish (selektsiya) jarayoniga innovatsion shakllar va usullarni joriy etish maqsadida jismoniy tarbiya va sport tizimini isloh qilishning 2025 yilgacha asosiy yo‘nalishlari, jumladan; jismoniy tarbiya va sport bilan muntazam shug‘ullanayotgan aholining umumiy sonini 30 foizgacha, sport tashkilot va muassasalarida shug‘ullanayotgan yoshlarning umumiy sonini 20 foizgacha oshirish, davlat sport ta`limi muassasalarida trener va mutaxassislarning sifat tarkibi, xususan oliy ma`lumotli xodimlar sonini bosqichma-bosqich 80 foizgacha etkazish, joylarda yoshlar orasidan iqtidorli sportchilarni tanlab olish (selektsiya)ning samarali va shaffof to‘rt bosqichli; tashkilot tuman (shahar) hudud Respublika tizimini ishlab chiqish va joriy etish rejalashtirildi.

O‘zbekiston Respublikasi Jismoniy tarbiya va sport vazirligi tizimidagi sport maktablari o‘quvchi sportchilari o‘rtasida «Bolalar sport o‘yinlari»ni o‘tkazish orqali iqtidorli sportchilarni aniqlash va yoshlar terma jamoalariga zaxira yaratish hamda oliy ta`lim muassasalari talabalari o‘rtasida «Talabalar sport o‘yinlari»ni tashkil etish natijasida talabalarni sport bilan muntazam shug‘ullanishga jalb etish masalalari bo‘yicha O‘zbekiston Respublikasi Prezidentining 2020 yil 24 yanvardagi PF-5924-son Farmoni imzolandi.

Shuningdek, O‘zbekiston Respublikasi Prezidentining 2020 yil 2 martdagi PF-5953-son Farmoni bilan tasdiqlangan 2017-2021 yillarda O‘zbekiston Respublikasini rivojlantirishning beshta ustuvor yo‘nalishi bo‘yicha Harakatlar strategiyasini «Ilm, ma’rifat va raqamli